



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KE LAPOLIS ETA A TE ARETE 207 MOUN POUTÈT
YO T AP KONDWI SAN YO PA AN ETA PANDAN WIKENN JOUNEN KRISTÒF
KOLON (COLUMBUS DAY)**

***Manm Twoup yo bay apeprè 18,000 kontravansyon pandan kanpay la, sa gen
ladan plis pase 7,300 kontravansyon pou eksè vitès***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Lapolis Eta New York te bay 17,797 kontravansyon epi te arete 207 moun ki t ap kondui san yo pa an eta pandan kontwòl espesyal nan sikilasyon espesyal nan wikenen Jounen Kristòf Kolon (Columbus Day) an. Inisyativ la - ki sible eksè vitès ak chofè ki pa an eta - te kòmanse nan jedi 7 oktòb epi kontinye rive madi 12 oktòb. Nan tout eta a, lapolis te bay yon total 38,255 kontravansyon pandan peryòd kontwòl la, sa gen ladan 828 pou chofè ki t ap kondui san yo pa an eta ak 10,593 pou vitès.

"Nou ka evite konsekans trajik eksè vitès ak konduit san nou pa an eta si nou tout angaje pou fè sekirite vin premye priyorite nou lè nou dèyè volan an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou pral kontinye gen zewo tolerans pou chofè ki pa an eta yo ki mete lavi lòt andanje".

Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare, "Rezulta kanpay sa a montre twòp moun mete lavi yo ak lavi lòt yo andanje atravè move chwa yo fè pandan y ap kondui. Manm Twoup nou yo pral kontinye reprime chofè ensousyan epi ki pa an eta yo nan efò pou kenbe wout nou yo an sekirite pou tout itilizatè yo."

Pandan peryòd kontwòl espesyal lapolis la ke Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a te finanse a, Lapolis Eta New York te ogmante patwouy yo epi yo te mete pwen kontwòl pou moun ki sou yo pou dekouraje, idantifye epi arete chofè ki pa an eta yo.

Manm Patwouy yo te arete 207 moun poutèt yo t ap kondwi san yo pa an eta epi te mennen ankèt sou 1,031 ka aksidan machin ki gen ladan yon aksidan mòtèl ak 159 aksidan kote moun yo blese.

Nan kad inisyativ kontwòl la, Manm patwouy yo te sible tou chofè k ap fè eksè vitès, ki agresif ak distrè toupatou nan eta a.

Anba a gen yon echantyon kantite kontravansyon total yo te bay yo

Eksè Vitès	7,389
Kondui Distrè	410
Vyolasyon senti sekirite	707
Vyolasyon Lwa Mete w Akote a	143

Twoupè yo te sèvi avèk machin Polis Eta ki make epitou avèk machin ki gen Idantite Kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon sa a, pou idantifye pi fasilman chofè ki pa respekte lalwa. Machin CITE yo pèmèt polisyè eta yo pi byen obsèv vyolasyon konduit yo. Machin sa yo melanje avèk machin ki nan lari chak jou yo men yo vin menm jan ak machin ijans yo yon fwa limyè ijans lan aktive.

Yo divize rezulta peryòd kontwòl lapolis nan Jou Kristòf Kolon an selon Twoup:

T	Rejyon	Arestasyon pou DWI (Kantite moun)	Vitès	Distrè etan yo t ap Kondui	Restriksyon pou Timoun/ Senti Sekirite	Mete w Akote	Total Kontravansyon (li enkli lòt vyolasyon)
A	Western NY	19	672	22	75	2	1,553
B	North Country	11	279	15	28	11	1,032
C	Southern Tier	3	471	6	33	13	971
D	Central NY	11	697	60	55	17	1,819
E	Finger Lakes	21	650	27	166	9	2,005
F	Upper Hudson Valley	52	965	58	92	18	2,069
G	Capital Region	18	1,039	46	48	19	2,077
K	Lower Hudson Valley	37	883	35	32	16	1,665
L	Long Island	17	388	57	42	2	1,191
NYC	New York City	2	202	28	37	2	1,060
T	NYS Thruway	16	1,143	56	99	34	2,355
	TOTAL	207	7,389	410	707	143	17,797

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)